



Town of Barnstable  
**BARNSTABLE RECREATION**

**JOHN GLEASON**  
Recreation Director

141 Bassett Lane, Hyannis, MA 02601

T: 508-790-6345 | F: 508-790-6279 | E: John.Gleason@town.barnstable.ma.us



**RÈGLEMAN AK PRENSIP POU PLAJ, AK OTORIZASYON ESTASYONNMAN NAN VIL  
BARNSTABLE**

*(DAPRE SA KI EKRI NAN CHAPIT 401A NAN E-CODE VIL BARNSTABLE LA)*

- A. Pa dwe gen jete fatra, ni ofri vann anyen.
- B. Pa dwe gen alkòl, ni dife, ni kontnè an vè sou plaj la, ni nan pak estasyonman yo.
- C. Pa dwe gen chen okenn lè sou plaj la, ni nan okenn zòn rekreyasyon ant 15 me ak 15 septanm.
- D. Moun gen dwa naje nan zòn yo bay pèmision pou naje yo sèlman.
- E. Aparèy pou flote yo otorize sèlman lè gen van k ap soufle sou plaj la.
- F. Ap gen mèl najè ki desèvis (nan kote sa posib) depi 9è dimaten pou rive 5è apremidi, chak jou apati fen mwa jen an.
- G. Twalèt yo ap ouvri depi 9è dimaten pou rive 4:30 nan apremidi.
- H. Baryè yo ap ouvri depi 9è dimaten pou fèmèn san reta depi 9è diswa. Yo fè peye pou estasyonman ant 9è dimaten ak 3:45 apremidi, Craigville ant 7:30 dimaten ak 3:45 apremidi (sòf si yo afiche lòt enfòmasyon).
- I. Plaj (ak ben piblik) ki pral gen pèsònèl siveyans depi wikenn Memorial Day a, se Veteran's, Kalmus, Sea Street, Covell's, Craigville, ak Dowses Beach. Tout lòt kote yo ap ouvri nan fen mwa jen.
- J. Si yon moun pa fè sa pèsònèl siveyans lan di, sa kapab lakòz li pèdi dwa vini sou plaj la, oswa yo fè li peye yon amann, ak / oswa yo arete li dapre lwa Vil Barnstable la.
- K. Yo pa pral tolere okenn moun k ap mete dezòd, ni k ap fè okenn lòbèy.
- L. Tout parasòl yo dwe plante byen djanm, epi yo pa dwe anpeche mèl najè a veye lanmè a. Pèsònèl siveyans lan kapab mande sispann sèvi avèk parasòl, si kondisyon tan an mande pou yo fè sa.
- M. Si nenpòt moun di gwo mo, espesyalman pou mennase anplwaye Vil Barnstable yo, y ap mande li pou kite kote a.
- N. Moun pa gen dwa lanse dwonn, ni fè dwonn ateri sou okenn plaj nan Vil Barnstable la.

O. Moun pa gen dwa fimen sou okenn plaj, ni nan okenn zòn rekreyasyon.

**OTORIZASYON ESTASYONNMAN AN OBLIGATWA PANDAN TOUT LANE A (1/1 nan lane kounye,  
a JISKA 12/31 nan lane a) NAN TOUT KOTE YO AFICHE SA, NAN PLAJ REZIDAN AK NAN WOUT  
POU ALE NAN DLO NAN VIL LA.**

